

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh mangrupa alat komunikasi. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngayakeun komunikasi, silih-tukeur pangalaman, nepikeun gagasan/idé, pamadegan, ngedalkeun eusi hate atawa rasa, kahayang, jeung imajinasi. Basa ngawujud tina dérétan sora anu miboga sistem ngaliwatan alat ucap katut pangdengé, di antara anggota kelompok masarakat anu tangtu.

Wujud basa aya tilu rupa, nya éta omongan, peta jeung tulisan. Basa anu diomongkeun disebut basa lisan, ari anu ditulis disebut basa tulisan. Jadi, basa tulisan téh ngawakilan basa lisan, ari basa peta mah nya éta basa anu dipaké pikeun ngedalkeun eusi haté kalawan ngaliwatan peta atawa paripolah awak. Contona, nyebut menta ku nampanan, nyebut embung ku gideug, nyebut enya ku ungeuk.

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa suku bangsa anu aya di Indonesia, nya éta di daérah Pasundan. Basa Sunda loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé, salian ti éta nya éta pikeun komunikasi, basa Sunda ogé bisa dipaké dina sagala widang, di antarana nya éta dina widang paélmaan, seni, agama, jeung sajabana.

Basa Sunda minangka basa indung pikeun masarakat Pasundan. Tapi dina jaman kiwari, urang Sunda loba anu kapangaruhan ku kabudayaan luar, utamana di kalangan rumaja, hal éta anu jadi dadasar jadi kasieun basa Sunda bakal leungit. Ku kituna, salaku urang Sunda, urang kudu bisa ngajaga, ngariksa tur ngamumulé basa Sunda sangkan teu leungit.

Basa mangrupa sistem lambang omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép-seureuhna (semantis) tur ragam (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 1991:1).

Dina SKKD (Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar) Pangajaran kaparigelan basa ngawengku opat aspék nya éta ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis anu kudu luyu jeung aturan-aturan tatabasa. Éta kaparigelan basa téh, dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalawan saimbang. Ieu pamadegan téh luyu jeung pamanggih Rivers (Iskandarwasid 2004:156) yén umumna jalma dewasa diperkirakan ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9% dina aktivitas komunikasi sapopoéna. Tapi dina prak-prakanana pangajaran mah dipihareup opat aspék éta téh posisina saimbang, lantaran opat aspék kaparigelan basa éta téh silih-beungkeut tur silih-lengkepan dina kagiatan komunikasi. Ngaregepkeun jeung nyarita mangrupa kagiatan

primér, sedengkeun maca jeung nulis mangrupa kagiatan sekundér. Dina kahirupan sosial, nyarita, ngareugeupkeun, maca jeung nulis téh geus nuduhkeun kalungguhan anu kawilang gedé. Sakabéh éta kamampuh bisa ngalantarankeun siswa miboga kahirupan jeung posisi anu leuwih hadé di masarakat ka hareupna. Ku kituna, siswa kudu miboga kamampuh dina sakabéh aspék kaparigelan basa.

Nyarita mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu sipatna produktif sarta mikabutuh kaparigelan. Nyarita téh hiji prosés nepikeun kahayang, ngébréhkeun eusi haté ti panyatur ka pangregep. Salian ti éta, nyarita ogé mangrupa kagiatan anu teu leupas tina kahirupan masarakat, boh nyarita dina acara resmi, boh nyarita dina acara teu resmi, saperti paguneman sapopoé.

Nyarita mibanda ajén sosial anu kacida pentingna dina kahirupan manusa boh keur budak boh keur anu dewasa. Nyarita kabagi ku rupa-rupa wangun, wangun monolog jeung dialog (paguneman). Wangun nyarita monolog nya éta kagiatan nyarita saarah. Dina monolog mah teu kungsi aya interaksi dua arah, tapi interaksina saarah. Jadi monolog mah kagiatan nyarita anu dilakukeun ku hiji panyatur. Anu kaasup kana wangun nyarita monolog nya éta: biantara, ceramah, hutbah, orasi, ngadongeng, maca, puisi atawa deklamasi, jeung maca carpon. Ari nyarita dina wangun dialog nya éta elmu ngeunaan rupa-rupa hakekat tina dialog sarta lajuning lakuna éta

pangaweruh dina lumangsungna kagiatan papada jalma. Upamana sandiwara, pilem, drama, longser, jeung lianna ti éta sok kapanggih aya paguneman.

Salian ti éta anu jadi bahan ieu panalungtikan nya éta pangalaman panalungtik salila PLP yén dina pangajaran nyarita basa Sunda kapanggih sababaraha kakurangan misalkeun dina minat siswa maké basa Sunda, kurangna pangaweruh ngeunaan undak-usuk basa, struktur kalimah anu teu merenah, milih kecap/diksi/kabeungharan kecap anu masih kurang, jsb.

Tina prinsip/konsép pangajaran nyarita jeung tina hal anu kapanggih, ieu panalungtikan ngangkat masalah ngeunaan realita paguneman siswa maké basa Sunda anu masih loba kakuranganana sarta siswa teu resep kana pangajaran basa Sunda. Hal éta bisa jadi indikasi kateuresepna maké basa Sunda di lingkungan sosial. Padahal dina prosés pangajaran nyarita di sakola kudu bisa ngarangsang minat siswa sangkan daék nyarita maké basa Sunda di lingkungan sakola, sarta bisa ngaronjatkeun kaparigelan nyarita siswa. Pikeun ngahontalna dibutuhkeun téhnik pangajaran anu luyu jeung bahan pangajaran nyarita.

Salasahijina anu luyu pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita basa Sunda jeung ngahontal tujuan nyarita dina SKKD nya éta ku cara modél debat. Debat nya éta kagiatan adu arguméntasi antara dua tim

atawa leuwih, boh sorangan boh sacara kelompok, dina madungdengkeun jeung nyindekkeun masalah. Dina ieu panalungtikan nya éta debat kompetitif. Debat kompetitif nyaéta debat dina wangun kaulinan anu biasa dipaké dina tingkat sakola jeung universitas.

Sababaraha panalungtikan geus aya ngeunaan nyarita nya éta: “Éfektivitas Méthode Ékstemporan dina Biantara Basa Sunda (Éksperimén di kelas X SMA Karya Pembangunan 1 Paseh Taun Ajaran 2009-2010)” anu ditulis ku Candriyani Utami Dewi, ”Penerapan Teknik Jigsaw pikeun Ngaronjatkeun Kampuh Nyarita (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa SMA Negeri 1 Cicalengka Kabupaten Bandung Taun Ajaran 2009-2010) anu ditulis ku Siti Raeni Nisa, ”Kamampuh Nyarita Pangalaman Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung Taun Ajaran 2009-2010” anu ditulis ku Mamay Rahayu Tresna Adhi, ”Éfektivitas Média Audio Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nepikeun Biantara Siswa Kelas IX MTs Negeri Sukasari Cimahi” anu ditulis ku Lilis Wahyu Winarni, jrrd.

Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan anu geus dijéntrékeun di luhur, ieu panalungtikan di judulan **“Éfektivitas Modél Debat Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita” (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011).**

## 1.2 Watesan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, sangkan ieu panalungtikan téh teu lega teuing ambahanna dina ieu panalungtikan baris diwatesanan. Masalah dina ieu panalungtikan nya éta kana cara nepikeun pangajaran nyarita ka siswa kelas X Pasundan 3 Bandung ngagunakeun modél debat. Dina prak-prakanana, siswa diajar sangkan bisa nyarita maké basa Sunda ku cara madungdengkeun hiji pasualan kalayan hiji téma anu tangtu. Ku kituna, siswa dipiharep bisa leuwih parigel dina nyarita maké basa Sunda.

## 1.3 Rumusan Masalah

Masalah anu ditalungtik perlu dirumuskeun heula dina wangun pertanyaan. Ku kituna, rumusan ieu perlu diwincik dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha rarancang sarta prosés pangajaran dina ngajarkeun materi nyarita ngagunakeun modél debat?
- 2) Kumaha kondisi faktual kamampuh nyarita ngagunakeun modél debat siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011?
- 3) Kumaha kaéféktivitas modél debat siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung dina pangajaran nyarita?

## **1.4 Tujuan Panalungtikan**

### **1.4.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan nguji éféktivitas modél debat pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011.

### **1.4.2 Tujuan Husus**

Tina rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan husus nya éta mikanyaho:

- 1) cara ngararancang sarta prosés pangajaran dina ngajarkeun matéri nyarita ngagunakeun modél debat,
- 2) kondisi faktual kamampuh nyarita siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011,
- 3) kaéféktivan modél debat dina pangajaran nyarita siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung.

## **1.5 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh nya éta mangpaat anu sifatna teoritis sarta mangpaat anu sifatna praktis.

### 1.5.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta bisa meré sumbangan pikeun kamekaran tiori dina widang atikan, hususna dina widang modél pangajaran anu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita. Salian ti éta, ogé pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih teleb keur ka hareupna, pikeun ngawuwuhan téori ngajarkeun basa Sunda.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan téh:

- 1) nyiptakeun prosés pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nyarita anu éféktif sangkan bisa ngaronjatkeun kaparigelan siswa,
- 2) ngadeskripsikeun métode anu luyu dina ngajarkeun pangajaran nyarita,
- 3) ngadeskripsikeun hasil prosés diajar ngagunakeun modél debat,
- 4) ngadeskripsikeun kaonjoyan jeung kahéngkérán modél debat dina ngaronjatkeun kamampuh nyarita,
- 5) pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif dilarapkeunana dina pangajaran nyarita,
- 6) pikeun siswa bisa nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nyarita.



## 1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salah sahiji bebeneran, tiori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan anu geus teu dipasualkeun deui bener atawa salahna sarta prinsipna bisa ditarima ku sakumna jalma kalawan teu perlu diuji deui (Suyatna, 1994:3). *Anggapan dasar adalah segala kebenaran teori atau pendapat yang dijadikan landasan dasar dalam penelitian* (Suyatna, 2000:7). Patalina jeung pamadegan di luhur, anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap:

- 1) pangajaran nyarita téh kaasup kana salah sahiji opat kaparigelan basa anu kudu dicangking ku siswa;
- 2) siswa teu make basa Sunda dina kahirupan sapopoéna;
- 3) proses diajar-ngajar kudu bisa mangaruhan kana kaparigelan siswa ka hareupna;
- 4) téknik diajar-ngajar anu merenah nya éta teknik ngajar anu luyu jeung bahan katut tujuan pangajaran, sarta anu bisa mawa aktif ka siswa;
- 5) modél pangajaran dipaké ku guru dina prosés diajar ngajar;
- 6) perluna modél anu cocog pikeun bahan pangajaran nyarita.

## 1.7 Wangenan Operasional

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun katerangan-katerangan anu jéntré patali jeung obyékna. Éta katerangan téh pangpangna mah museur kana kécap-kécap anu dipaké dina judul panalungtikan. Istilah-istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan diantarana, nya éta:

- 1) éféktivitas pangajaran nya éta cara nepikeun bahan pangajaran ngagunakeun sababaraha téhnik, saeutik ngaluarkeun énérgi, sarta bisa ngahontal hasil nu maksimal (dina panalungtikan ieu nya éta pangaruh modél pangajaran (modél debat) kana kaparigelan nyarita di SMA Pasundan 3 Bandung),
- 2) modél pangajaran nya éta pamarekan ngajar atawa cara guru dina mekarkeun kagiatan siswa dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar,
- 3) siswa nya éta insan anu keur néangan élmu, anu keur diajar di sakola. Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objék, sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manéhna, hususna dina pangajaran nyarita,
- 4) modél debat nya éta salah sahiji modél pangajaran nu bisa dipaké dina pangajaran basa, hususna pangajaran nyarita.

- 5) nyarita mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu sipatna produktif. Nyarita téh hiji prosés nepikeun kahayang, ngébréhkeun eusi hate (sacara lisan) ti panyatur ka pangregep.

Jadi, anu dimaksud **“Éféktivitas Modél Debat Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita” (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)**, nya éta pangaruh modél debat kana kaparigelan nyarita anu diukur ngaliwatan kamampuh nyarita siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung.

### **1.8 Hipotésis**

Hipotésis nya éta jawaban saheulaanan kana masalah panalungtikan anu benerna kudu diuji sacara empiris. Hipotésis mangrupa jawaban saheulaanan kana masalah anu rék ditalungtik sarta perlu diuji deui leuwih gemet ngaliwatan panalungtikan anu dimaksud (Suyatna 2007:10). Dina ieu panalungtikan digunakeun hipotesis alternatif, nya éta:

- 1) modél debat éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas X di SMA Pasundan 3 Bandung,
- 2) modél debat teu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita siswa kelas X di SMA Pasundan 3 Bandung.

## **1.9 Méthode, Tehnik, Instrumen, Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

### **1.9.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode eksperimén. Ieu méthode digunakeun pikeun ngukur kamapuh nyarita siswa maké basa Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran debat.

### **1.9.2 Tehnik Panalungtikan**

#### **1.9.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés jeung observasi.

#### **1.9.2.2 Téhnik Ngolah Data**

Dina téhnik ngolah data aya sababaraha hal anu kudu, nya dilaksanakeun éta:

- 1) méré peunteun;
- 2) uji homogénitas;
- 3) uji gain;
- 4) uji hipotésis.

### **1.9.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén anu digunakeun nya éta tés, sajabana ti tes, data baris kapaluruh ngaliwatan téhnik observasi langsung ka kelas nalika prosés pangajaran lumangsung.

Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa nyarita dina diskusi ngagunakeun modél debat, tés anu dilaksanakeun nya éta prétest jeung postés.

### **1.9.4 Populasi jeung Sampel Panalungtikan**

Dina ieu panalungtikan nu dijadikeun populasi nya éta siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011. Anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa ti kelas X-3 (40 urang) jeung X-4 (41 urang) SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.